



Memorial Healthcare System

RÈGLEMAN ASISTANS FINANSYE

Revize Avril 2024

I. RÈGLEMAN ASISTANS FINANSYE

Nenpòt pasyan ka mande asistans finansye. Nenpòt lòt moun ki responsab pou peye pou swen pasyan an ka mande asistans finansye tou. Tout swen ijans ak swen medikal ki nesesè yo kouvri anba règleman asistans finansye a. Memorial Healthcare System (MHS) fè depistaj ak tretman pou pwoblèm medikal ijans konfòmeman ak Pratik Estanda ki rele "Transfer/Access to Emergency Care (Transfè/Aksè a Swen Ijans)", ki atache ak règleman sa a. Nan ka kote Pratik Estanda sa a pa aplike, yo egzamine demann pou asistans finansye yo pou pwograme sèvis Memorial Healthcare alavans yo ka pa ka. Pasyan k ap chèche Swen Ijans yo pral jwenn tretman san yo pa konsidere si yo kalifye pou Asistans Finansye dapre règleman sa a.

Règleman sa a aplike pou tout etablisman Distri Swen Sante South Broward yo. Note ke Sant Chiriji Anbilatwa Memorial yo pa ladan paske South Broward Hospital District pa ni posede ni jere yo.

Règleman Asistans Finansye sa a pral ede w konprann ki lè y ap bay asistans finansye.

Asistans Finansye ka vle di swen byenfezans (jan sa defini nan règleman Eta Florid oswa Distri a) oswa sèten rabè ki pa asire, jan yo eksplike sa plis pi ba a.

Pou swen byenfezans, pasyan an oswa pati responsab la pa dwe kapab peye pou swen medikal pasyan an. Yo detèmine kapasite pou peye lè yo sèvi avèk Gid Povrete Federal la (FPG), revni pasyan oswa garan an, ak gwochè fanmi lan. Gouvènman federal la mete machaswiv sa yo ajou chak ane. Yo detèmine kapasite pou peye tou lè yo egzamine resous epi, si sa nesesè, pasif ak rezulta litij potansyèl pou reklamasyon responsabilite lòt pati ki annatant.

Lè yo mande, MHS ap detèmine si pasyan an oswa pati responsab la gen kapasite pou peye. Egzamen, oswa evalyasyon sa a, pou asistans finansye a gratis. Montan asistans finansye yo mande a dwe plis pase \$500, pou tout kont yo ansanm.

Pasyan yo ka chwazi pou yo pa bay dokiman finansye men olye de sa pou yo bay yo asistans finansye sou fòm to redwi pou yo peye yomenm. Sa yo disponib pou vizit Depatman Ijans ansanm ak pifò pwosedi pou pasyan ekstèn ak sejou pasyan entène.

Yo p ap bay okenn moun ki pa gen asirans ki pa rezidan rezidan South Broward Hospital District asistans finansye pou swen ki pa ijans, ki nesesè sou plan medikal ke etablisman filè pwoteksyon lokal yo a kapab bay. Si pa gen yon founisè filè pwoteksyon pou pasyan sa a, y ap detèmine asistans finansye sou yon baz ka pa ka.

Rès Règleman Asistans Finansye sa a bay plis enfòmasyon sou fason ou ka mande asistans finansye. Li fè w konnen kilè y ap konsidere w elijib pou jwenn asistans finansye. Li di w ki kantite asistans finansye w ap jwenn lè w ranpli kondisyon Règleman Asistans Finansye sa a.

II. KRITÈ ELIJIBILITE AK MONTAN RABÈ

- A. MHS pral fè verifikasyon kredi ak resous pou detèmine kapasite pasyan an oswa pati responsab la pou peye. MHS pral rasanble enfòmasyon sou revni ak byen yon pasyan oswa lòt pati responsab epi, si sa nesesè, depans ak dèt yo. Rezulta a pral detèmine kalifikasyon yo pou asistans finansye, montan rabè yo pral resevwa ak montan lajan y ap oblige peye.
- B. MHS ap bay konsèy Asistans Finansye sou demann, san frè adisyonèl, anvan oswa apre pasyan an resevwa sèvis yo.
- C. Yo ka fè tès depistaj pou admisyon pou pasyan ki entène pou Medicaid. Si kritè evalyasyon yo endike potansyèl kalifikasyon, pasyan/pati ki responsab la ka oblige soumèt yon aplikasyon bay Medicaid anvan apwobasyon pou Asistans Finansye.
- D. Yon Pasyan oswa yon pati responsab ka mande asistans finansye pou nenpòt dèt ki pi gwo pase \$500. Sa vle di tout montan responsablite pasyan ki pa gen asirans ak balans pasyan ki asire apre peman asirans. Sa a gen ladan dediktib yo, ko-asirans, kopeman ak frè ki pa kouvri yo. Yo itilize kritè sa yo lè MHS konsidere demann lan:
 - i. Pasyan an oswa pati responsab la ka kalifye pou 100% rabè si bagay ki annapre yo aplike:
 - 1. Pasyan an oswa pati responsab la dwe ranpli yon Fòmilè Evalyasyon Finansye ki siyen.
 - 2. Pasyan an oswa pati responsab la gen yon revni familyal total ki mwens pase oswa egal a 200% nan FPG a (Dapre 2024 FPG a, yon fanmi ki gen kat moun ki fè \$62,400 pa ane twouve I nan 200% nan FPG a), jan sa dekri nan Tablo A; epi
 - 3. Pasyan an oswa pati responsab la gen resous likid lakay yo ki vo mwens pase \$5,000. Resous likid yo enkli lajan kach, balans kont chèk, balans kont epay, machin, bato, pwopriyete pèsonèl mache, aksyon, obligasyon, oswa lòt enstriman negosyab, ak byen imobiliye ki pa kay familyal. Resous likid yo pa gen ladan yo rezidans prensipal, premye machin oswa fon retrèt ki pa aksesib san sibi yon penalite; oswa

4. Pasyan an oswa pati responsab la gen yon balans li dwe ki depase 25% revni anyèl fanmi yo a, men sèlman si revni anyèl fanmi lan mwens pase 4 fwa FPG pou yon fanmi ki gen 4 moun oswa
 5. Pasyan an pa idantifye apre 6 mwa. Pandan 6 mwa yo, MHS pral fè tout efò pou idantifye pasyan an, ki gen ladan travay ak ajans ki fè respekte lwa lokal, eta ak federal yo.
- ii. Pasyan oswa pati responsab la ka kalifye pou yon rabè baze sou mwayer pou peye si sa ki annapre yo aplike:
1. Pasyan oswa pati responsab la gen yon revni familyal total ant 201% ak 400% FPG a (Dapre FPG 2024 a, yon fanmi ki gen kat moun ki fè \$124,800 twouve l nan 400%).
 2. Montan rabè a depann de revni Pasyan an oswa pati responsab la ak etablisman an. (Gade Tablo A pou konsèy); oswa
 3. Nan okenn moman yon pasyan ki kalifye pou asistans finansye p ap responsab pou plis pase 10% revni anyèl total fanmi li.
- iii. Yo ka evalye pasyan yo yon fason pwobab pou asistans finansye san yo pa siyen yon aplikasyon pou asistans finansye. Evalyasyon sa a itilize modèl pwopriyetè ki baze sou kominate FinThrive an. MHS pral konsidere tou kont anvan ki te fèt nan douz mwa anvan yo.
1. Pasyan oswa pati responsab la gen yon revni familyal total ki mwens pase oswa egal a 200% FPG a ap kalifye pou rabè 100% an.
 2. Pasyan oswa pati responsab ki gen yon revni familyal total ant 201% ak 400% ap kalifye pou rabè ki baze sou mwayer pou peye.
 3. Nan okenn moman yon pasyan ki kalifye pou asistans finansye p ap responsab pou plis pase 10% revni anyèl total fanmi li.
- iv. Yo ka bay lòt asistans finansye anba pwosesis apwobasyon Asistans Finansye abreje ki dekri ki pi ba a:
1. Jou epwize Medicaid oswa avantaj pou pasyan ekstèn
 2. Tretman envolontè anba Lwa Baker a
 3. Pasyan an mouri, pa gen okenn siksesyon ki te depoze nan tribunal konte kote pasyan an te rezide a apre yon ane apati nan dat lanmò a. Lè MHS verifye kritè sa a, y ap redwi balans ki pa peye yo a 100%.
 4. Pasyan ki gen yon apwobasyon valab pou asistans finansye North Broward Hospital District p ap oblige reaplike pou asistans finansye South Broward Hospital District pou sèvis ijans yo.

- E. Y ap aksepte enfòmasyon sou revni ak resous pou moun ki abite South Broward Hospital District ki kalifye pou asistans finansye pandan yon ane, sof si MHS gen rezon pou l mete l an dout. Lè MHS apwouve asistans finansye pou yon Pasyan oswa yon pati responsab, MHS pral konsidere tou kont ki fèt nan douz mwa anvan yo. Pou motif Règleman Asistans Finansye a, yon Rezidan se: yon moun ki abite nan limit jeyografik South Broward Hospital District, kote li rete anpèmanans oswa pou yon peryòd tan pwolonje epi se pa kòm vizitè, touris, oswa pou yon lòt rezon tanporè oswa konfò tanporè, epi ki pa fè sanblan l abite nan rezidans.
- F. Pasyan oswa pati responsab yo ka aplike pou asistans finansye pou jiska yon ane apre dat sèvis la.
- G. Moun ki rete nan South Broward Hospital District yo te aksepte kòm manm nan Memorial Primary Care ap gen kopeman pou:
- i. Sèvis Famasi pou pasyan ekstèn
 - ii. Vizit nan Klinik Swen Prensipal
 - iii. Sèvis pou pasyan ekstèn nan lopital
 - iv. Vizit nan Depatman Ijans
- H. Pasyan oswa pati responsab ki kalifye pou asistans finansye epi ki pa abite nan South Broward Hospital District pral apwouve sèlman pou chak dat sèvis yo.
- I. Sou demann pasyan an oswa pati responsab la, MHS pral voye yon deklarasyon alekri ke li kalifye pou asistans finansye.
- J. Règleman Asistans Finansye sa a aplike sèlman pou sèvis MHS bay nan etablisman li yo ak sèvis doktè ki anplwaye MHS yo bay. Ou ka jwenn yon lis pèsonèl medikal ki montre yo fè pati Règleman Asistans Finansye sa a isit la: <https://www.mhs.net/-/media/mhs/files/patients-and-visitors/financial-assistance/en/providers.pdf?la=en>

III. BAZ POU KALKILE MONTAN YO FAKTIRE PASYAN

Yon fwa MHS detèmine ke yon Pasyan oswa yon pati responsab elijib pou resevwa asistans finansye selon Règleman Asistans Finansye sa a, yo p ap fè l peye plis pase Montan yo Jeneralman Faktire a (AGB). Nan MHS, yo detèmine AGB a atravè "Look-back method (metòd gade dèyè a)" ki kalkile nan fason sa a:

MHS revize *tout* reklamasyon pase ki te peye nan yon peryòd douz mwa. Sa gen ladan reklamasyon pou Medicare, plan swen komèsyal ak jere sou yon peryòd 12 mwa. Montan sa a gen ladan ko-asirans; kopeman ak dediktib pasyan an. Plan ranplasman Medicaid yo pa enkli nan kalkil sa yo. Montan sa a se *sòm peman yo atann*.

Pousantaj AGB a kalkile lè w divize sòm peman yo pa sòm total frè yo faktire yo. Apre sa, pousantaj sa a miltipliye pa total frè yo pou chak rankont ak pasyan pou rive nan AGB a pou rankont sa a. MHS te kalkile AGB a pou chak etablisman epi li te adopte to ki pi ba a pou chak etablisman MHS. Pasyan yo ka mande alekri AGB aktyèl la pou chak etablisman ak/oswa kijan rabè ki pa gen asirans lan konpare ak rabè ki gen asirans yo.

IV. PWOSÉSIS APLIKASYON POU ASISTANS FINANSYE

Pasyan an oswa pati responsab la ka mande yon randevou ak Sèvis Finansye Pasyan yo lè I rele (954)276-5501 oswa Depatman Elijibilite a lè I rele (954) 2765760. Pasyan an gendwa mande an pèsòn tou nan nenpòt nan etablisman swen egi MHS yo, Depatman Admisyon/Enskripsyon yo oswa Depatman Elijibilite nan 2900 Corporate Way nan Miramar. Demann sa yo dwe fèt ant entèval 8:00 am - 4:30 pm Lendi rive Vandredi. MHS ap bay enfòmasyon oswa asistans nan pwosesis elijibilite a lè nenpòt pasyan oswa pati responsab deklare ke yo pa kapab peye balans yo a oswa yo mande yon aplikasyon pou asistans finansye. Deklarasyon an dwe fèt bay Depatman Elijibilite MHS la, oswa Sèvis Finansye Pasyan MHS, oswa Depatman Kont Kliyan ki Dwe.

- A. Pou kalifye pou yon rabè byenfezans 100%, pasyan an oswa pati responsab yo dwe ranpli yon Fòmilè Evalyasyon Finansye, ke w ka jwenn nan Tablo C. Tout pasyan dwe bay tout dokiman yo mande yo jan sa dekri nan Tablo D, osi vit posib. Y ap mete aktivite koleksyon ekstraòdinè annatant jiska 120 jou apati dat demann pou asistans lan, pandan pasyan oswa pati responsab yo nan pwosesis aplikasyon Règleman Asistans Finansye a. Sispansyon aktivite koleksyon sa a pèmèt yon tan rezonab pou resevwa tout dokiman ki nesesè pou detèmine

elijibilite. Anplwaye Depatman Elijibilite a pral fè pasyan an konnen alekri oswa nan apèl nan telefòn si gen dokiman ki manke oswa ki pa konplè.

B. MHS ka konplete oswa konfime enfòmasyon Pasyan an oswa pati responsab la bay lè I sèvi avèk nenpòt nan sa ki annapre yo:

- i. LexisNexis – bay aksè nan dosye piblik yo
- ii. FinThrive – bay enfòmasyon sou kredi
- iii. Experian – bay enfòmasyon sou kredi
- iv. MapQuest – bay enfòmasyon sou adrès
- v. Plizyè sit entènèt ki bay enfòmasyon sou dosye piblik jan yo note sa nan Tablo E

C. Tout aplikasyon yo pral resevwa menm konsiderasyon epi y ap detèmine sou baz FPG a ak kapasite pasyan an pou peye.

V. APÈL POU DETÈMINASYON ELIJIBILITE

Nenpòt pasyan oswa pati responsab ka mande yon apèl lè MHS refize asistans finansye. Demann lan dwe fèt alekri. Montan total kont yo refize yo dwe depase \$5,000.00. Pwosesis apèl la dekri nan yon règleman separe ki atache ak règleman sa a.

VI. MEZI KE YO KA PRAN NAN KA NON-PEMAN

A. Yo pral pran etap ki annapre yo pou kolekte balans pasyan yo si yo pa mande okenn asistans finansye oswa si yo aplike nan lòt fason dapre règleman ki pi wo yo, oswa apre yo te refize asistans finansye:

- i. Y ap voye yon premye fakti bay Pasyan an oswa pati responsab la apre egzeyat.
- ii. Yo voye yon deklarasyon 30 jou apre premye fakti a, epi lòt deklarasyon chak 30 jou pandan 90 jou k ap vini yo. Si yo resevwa yon peman pasyèl, seri deklarasyon an ap rekòmanse epi kontinye pandan 120 jou.

- iii. Yo ka rele nan telefòn pandan peryòd tan sa a.
 - iv. 120 jou apre egzeyat, si pèsonn pa mande asistans finansye, oswa si pa gen okenn plan peman ki mete anplas, epi yo pa resevwa okenn peman pasyèl, sa ka rive yo mete kont lan nan yon ajans premye koleksyon dèt.
 - v. Apre 1 ane yo ka mete kont lan nan yon dezyèm ajans koleksyon dèt.
- B. Nan ka yon Ijans Sante Piblik (Public Health Emergency, PHE) MHS ka detèmine pa gen okenn deklarasyon pasyan k ap voye jiskaske enpak PHE a redwi nan Konte South Broward. Se Vis Prezidan Sik Revni ak Direktè Finansye MHS la k ap fè detèminasyon sa a.
- C. Pandan premye 120 jou yo apati dat yo bay premye deklarasyon fakti apre egzeyat la, MHS p ap kòmanse okenn nan aksyon koleksyon ki endike pi ba a nan seksyon sa a. Anplis de sa, MHS pral notifye Pasyan an oswa pati responsab la 30 jou davans anvan l kòmanse nenpòt nan aksyon koleksyon ki endike pi ba a nan seksyon sa a.
- i. depoze yon pwosè lajistik
 - ii. mande yon jijman
 - iii. rapòte bay youn oswa plizyè biwo kredi
 - iv. Ranvwaye oswa refize swen apre doktè pasyan an te detèmine yon Kondisyon Medikal Ijans pa egziste si Pasyan an oswa pati responsab la gen balans ki pa peye ak ajans move dèt jiskaske yo fè ase aranjman peman pou balans move dèt yo a.

VII. EFÒ POU LAJMAN PIBLIYE RÈGLEMAN ASISTANS FINANSYE A

- A. MHS pral mete Règleman Asistans Finansye a, Fòmilè Evalyasyon Finansye a ak yon rezime nan langaj senp sou Règleman Asistans Finansye a disponib sou sitwèb li a, www.mhs.net/financialaid, nan tout lang règleman Seksyon 501(r) yo egzije. Ou ka mande dokiman sa yo tou an pèsòn nan nenpòt etablisman lopital MHS oswa lè w rele Depatman Sèvis Finansye Pasyan an nan (954) 276-5501.

- B. Avi piblik yo pral afiche klèman epi yon fason byen vizib nan kote piblik la ka wè yo, ki gen ladan tout zòn enskripsyon yo. Avi sa yo pral eksplike ke MHS ofri yon Pwogram Asistans Finansye pou moun ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans.

MHS dwe distribye notifikasyon sou règleman sa a, ki dwe gen ladan enfòmasyon kontak yo, pa plizyè mwayen, tankou avi ki atache ak deklarasyon pasyan yo epi avi ki atache ak fòmilè admisyon pasyan yo nan zòn admisyon ak enskripsyon yo, ak atravè lòt lye piblik jan MHS ka chwazi. Règleman Asistans Finansye a, Fòmilè Aplikasyon Pwogram Asistans Finansye a ak Rezime nan Langaj Senp lan ap disponib ann Anglè, Espanyòl, Fransè, Kreyòl, Pòtigè, Vyetnamyen ak Ris. Yo ka poze kesyon konsènan règleman sa a pandan lè biwo nan (954) 276-5501.